

Pwoteje Latè

Lakou
Kajou

Nou pataje yon menm planèt



Lakou Kajou

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
bbutterfy.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.

Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>

Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Pwoteje Latè se yon ti liv ki fèt ak 2 vizyon sou yon menm sijè : **Nou pataje yon menm planèt** ak Pwoteje Latè. Nou ka li 2 vizyon sa yo pou ede timoun yo konprann gen yon vizyon anviwònman an ki ideyalis, ki pale sou aspè anviwònman yo nou renmen jwi yo. Lòt vizyon an se aprann jan pwoteksyon anviwònman se responsablite chak moun.



Vokabilè :

Esplike sans mo sa yo

Anviwònman : tout sa ki antoure nou, sa ki vivan ak pa vivan kote nou viv la.

Pwoteje : fè tout sa ki evite domaj pou konsève yon bon anviwònman.

Planèt : yon gwo mas won k ap fè viwon solèy la tout tan



Konvèsasyon :

- 1) Pou ki sa liv la di Latè se planèt nou an ?
- 2) Ki moun ki ka pwoteje anviwònman an ?
- 3) Ki sa nou konn fè ki bon pou anviwònman an ?
- 4) Pou ki sa nou dwe kenbe pwòpte ?



Aktivite :

Pou ki sa n ap pwoteje anviwònman nou ?

- 1) Bay timoun yo desinen yon bagay ki bèl nan anviwònman yo.
- 2) Fè yon lis pou tout klas la sou aktivite ki bon pou anviwònman lekòl la.



Nou pataje yon menm planèt.
Fò nou pwoteje li.
Fò nou byen pran swen Latè.



Nou byen pran swen tout dlo yo,
tè a ak lanmè a.



Nou pwoteje lè nou respire a,
ak tout zwazo nan syèl la.



Nou byen pran swen pye bwa yo,
wòch yo, avèk mòn yo.



Nou pwoteje menm ti ensèk yo,
ak lòt bèt ki piti yo.



Nou pa bliye pran swen tout bèt yo,
avèk tout moun yo tou !

Pwoteje Latè

NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an LakouKajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
bbutterfly.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>